

Konsantman pou Pataj Enfòmasyon

Consent for Release of Information

Avi pou kliyan yo: Lè w siyen fòmilè sa a, ou bay pèmasyon pou DCYF ak ajans ansanm avèk moun yo ki mansyone pi ba a itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl sou ou. DCYF pa kapab refize ba w avantaj si w pa siyen fòmilè sa a sof si konsantman w lan nesèsè pou yo gade si w kalifye. Si w pa siyen fòmilè sa a, DCYF ka toujou pataje enfòmasyon w nan limit lalwa otorize. Si w gen kesyon sou fason DCYF pataje enfòmasyon konfidansyèl kliyan oswa dwa w genyen anrapò ak konfidansyalite, tanpri al gade Avi sou Pratik Konfidansyalite DCYF oswa mande moun ki ba ou fòmilè sa a.

Seksyon 1: Nimewo idantifikasyon kliyan

NON	DAT OU FÈT	NIMEWO IDANTIFIKASYON	NIMEWO TELEFÒN
ADRÈS	VIL	ETA	KÒD POSTAL
LÒT ENFÒMASYON:			

Seksyon 2: Konsantman

Mwen bay konsantman m pou yo itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl sou mwen ak DSHS ansanm ak moun ki mansyone pi ba a pou planifye sèvis yo, tretman, pèman yo, ak avantaj pou mwen oswa pou lòt rezon lalwa otorize. Yo ka pataje enfòmasyon yo yon fason vèbal oswa pa ekri.

Tanpri koche pi ba a tout moun ki nan konsantman sa a met sou DCYF epi idantifye yo pa non ak adrès:

<input type="checkbox"/>	Founisè swen sante:
<input type="checkbox"/>	Founisè swen sante mantal:
<input type="checkbox"/>	Founisè Sèvis pou twoub ki gen rapò avèk konsomasyon dwòg:
<input type="checkbox"/>	Tribi:
<input type="checkbox"/>	Distri lekòl oswa fakilte:
<input type="checkbox"/>	Biwo Sekirite Sosyal oswa lòt ajans federal:
<input type="checkbox"/>	Gade lis ki atache a
<input type="checkbox"/>	Lòt (sa gen ladan l founisè k ap travay pou DCYF oswa lòt ajans federal):

Mwen otorize ak bay konsantman m pou pataje dosye ak enfòmasyon ki annapre yo (koche tout sa ki koresponn):

- | | | |
|--|---|---|
| <input type="checkbox"/> Tout dosye kliyan m yo | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon swen sante | <input type="checkbox"/> Dosye pèman |
| <input type="checkbox"/> Dosye sou lis ki atache a | <input type="checkbox"/> Tretman oswa plan swen | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou fanmi, nan domèn sosyal ak travay |
| <input type="checkbox"/> Dosye ki annapre a sèlman | <input type="checkbox"/> Byen moun nan | <input type="checkbox"/> Lekòl, edikasyon, ak fòmasyon |
| | | <input type="checkbox"/> Lòt bagay _____ |

Si dosye kliyan w lan gen ladan nenpòt nan enfòmasyon ki annapre yo, ou dwe ranpli tou seksyon sa a pou w ajoute dosye sa yo.

Sante mantal Rezilta tè, dyagnostik, oswa tretman pou patojèn ki transmèt nan sant
 Sèvis pou Twoub Konsomasyon Dwòg (SUD)

Seksyon 3: Siyati yo

Konsantman sa a valab pou ennan depi DCYF bezwen dosye, oswa jiska _____ (dat oswa evènman).

- Mwen ka revoke oswa retire konsantman sa a nenpòt kilè alekri, men sa pa pral afekte nenpòt enfòmasyon ki pataje deja.
- Mwen konprann enfòmasyon ki pataje dapre konsantman sa a ka pa pwoteje ankò anba lwa yo ki aplike nan DCYF.
- Yon kopi nan fòm sa a valab pou m bay pèmasyon pou yo pataje dosye yo.

Siyati	Dat	Kontak Ajans/Siyati Temwen	Dat
Paran/responsab oswa siyati lòt reprezantan (si sa aplikab)	Dat	Paran/responsab oswa nimewo telefòn lòt reprezantan (si sa aplikab)	

Si mwen pa moun ki enskri nan dosye yo, mwen otorize pou m siyen paske mwen se (mete prèv ki ba w dwa):

- Paran Responsab Legal (ajoute manda tribinal) Reprezantan Pèsonèl Lòt bagay: _____

Avi pou moun k ap resevwa enfòmasyon: Si dosye sa yo gen enfòmasyon sou patojèn ki transmèt nan san, ou pa kontinye pataje enfòmasyon sa a san pèmasyon presi kliyan an. Si w te resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak dwòg oswa abi alkòl sou kliyan an, ou dwe ajoute deklarasyon ki annapre a lè wap pataje enfòmasyon anplis jan sa nesèsè dapre 42 CFR 2.32: **“Yo te pataje enfòmasyon sa a avè w apati dokiman ki pwoteje nan règleman sou konfidansyalite Federal (42 CFR pati 2). Règleman Federal yo entèdi w pou w kontinye pataje enfòmasyon sa a sof yo bay pèmasyon klè pa ekri nan yon konsantman moun ki mèt enfòmasyon an oswa jan CFR 42 pati 2 otorize sa. Yon otorizasyon jeneral pou pataje enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA ase pou rezon sa a. Règleman Federal yo mete restriksyon pou tout itilizasyon enfòmasyon an pou fè ankèt oswa pou siviv yon fason kriminel tout pasyan ki fè abi alkòl oswa dwòg.”**

ENSTRIKSYON POU RANPLI FÒMILÈ KONSANTMAN

Objektif: Itilize fòmilè sa a lè w bezwen konsantman pou yo kontinye itilize enfòmasyon konfidansyèl sou yon kliyan nan DCYF oswa pou pataje enfòmasyon sa a avèk lòt ajans yo pou aranje sèvis yo oswa pou tretman, pèman oswa operasyon ajans oswa pou lòt rezon lalwa rekonèt. Kliyan yo se moun kap resevwa avantaj oswa sèvis nan DCYF.

Itilize: Ranpli fòmilè sa a pa mwayen elektwonik si posib pou fasilite lekti, **ou dwe ranpli yon fòmilè apa pou chak moun, timoun ladan l tou.** “Ou” nan enstriksyon yo vle di anplwaye DCYF e “ou” nan fòmilè a vle di kliyan an. Pataje dosye yo gen ladan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl sou yon kliyan.

Pati nan fòmilè a:

IDANTIFIKASYON:

- **Non:** Bay non yon kliyan sèlman sou chak fòm: Ajoute nenpòt ansyen non kliyan sa te kapab konn itilize lè li tap resevwa sèvis yo.
- **Dat ou fèt:** Nesesè pou idantifye kliyan avèk moun ki gen menm non.
- **Nimewo Idantifikasyon:** Bay yon nimewo idantifikasyon kliyan oswa lòt idantifyan tankou nimewo sekirite sosyal (pa obligatwa) pou ede nan idantifye dosye yo ak swivi istwa ansanm avèk sèvis ou te resevwa yo.
- **Adrès ak telefòn:** Lòt enfòmasyon ki pral ede yo lokalize ak idantifye oswa kontakte kliyan an.
- **Lòt bagay:** Ajoute nan kare sa a nenpòt lòt enfòmasyon ki kapab ede nou jwenn dosye yo sa ki kapab gen ladan pati enplikasyon DCYF avèk sèvis yo, non manm fanmi yo, oswa lòt enfòmasyon enpòtan.

KONSANTMAN (OTORIZASYON):

- **Ajans oswa moun kap echanje dosye yo:** Lè kliyan ranpli fòmilè sa a, sa pèmèt itilizasyon ak pataj enfòmasyon konfidansyèl nan tout DCYF. DCYF ap anmezi pataje ak resevwa enfòmasyon konfidansyèl lòt ajans yo oswa moun ki mansyone yo. Bay enfòmasyon idantifikasyon sou ajans oswa founisè yo, sa ki gen ladan non, adrès oswa lokasyon si posib. Ou ka mete tou yon lis ajans ki pèmèt pataje enfòmasyon kliyan dwe siyen tou.
- **Enfòmasyon ki ladan l:** Kliyan yo dwe endike ki dosye ki kouvri pa konsantman. Kliyan yo ka rann tout dosye yo disponib oswa yo kapab limite dosye ki enkli a pa dat, kalite oswa sous dosye a. Si yon kliyan pa siyen yon konsantman oswa li pa spesifye yon dosye patikilye, pataje dosye sa ka toujou otorize si lalwa pèmèt li. Ou ka ajoute tou yon lis dosye ki kouvri ke kliyan dwe siyen tou. Si nenpòt dosye gen ladan enfòmasyon ki gen rapò avèk sante mantal (RCW 71.34.500, 71.34.510 & 71.34.530), SIDA/HIV oswa tès MST oswa tretman (RCW 70.02.220), oswa sèvis dwòg ak alkòl (42 CFR 2.31(a)(5)), kliyan dwe make domèn sa yo yon fason presi pou bay pèmasyon pou pataje dosye sa yo. Fòmilè sa a pa valab pou mete nòt sikoterapi dapre 45 CFR 164.508(b)(3)(ii) e ou dwe ranpli yon fòmilè apa pou w mete dosye sa yo.
- **Kantite tan:** Ajoute yon dat ekspirasyon pou konsantman ki sèvi objektif pwogram ou an oswa jan lalwa bay li.
- **Konprann:** Asire kliyanan konprann ki pèmasyon yo akòde ak fason ak poukisa yap pataje enfòmasyon an. Si nesèsè, itilize yon fòm tradwi ak entèprèt osa li fòm nan awotvwa. Si kliyan an bezwen plis enfòmasyon, bay yon lòt kopi Avi DCYF sou Pratik Konfidansyèl oswa refere kliyan bay ofisyepataj piblik la pou inite w la.

SIYATI YO:

- **Kliyan:** Fè kliyan oswa yon timoun ki gen plis pase laj konsantman (13 pou sèvis alkòl ak dwòg ak sante mantal; 14 pou SIDA/VIH ak lòt STD yo; nenpòt laj pou kontwòl nesans oswa avòtman; 18 pou swen sante oswa lòt dosye) siyen kazye sa a epi antre dat siyati a. Kliyan an ka ranplase yon mak nan kazye ou temwen an.
- **Kontak Ajans oswa Temwen:** W ap siyen nan kare sa a si se ou menm k ap prezante epi esplike fòmilè a bay kliyan an. Tanpri mete nimewo telefòn ou. Si kliyan an pral siyen fòmilè a yon kote ki pa pre yon biznis, di kliyan an pou l fè yon temwen siyen nan pati sa a epi bay yon nimewo telefòn. Yon notè piblik ka sèvi kòm temwen pou siyati yon kliyan.

Paran oswa Lòt Repezantan: Si kliyan an se yon timoun ki anba laj konsantman, yon paran oswa gadyen dwe siyen. Si timoun nan pa gen laj konsantman pou tout dosye ki pou pataje yo, timoun ak paran an dwe siyen. Si yo te deklare kliyan enkonpetan ilegalman, tribinal la nomen gadyen ki dwe siyen ak bay yon kopi òdonans nominasyon an. Si yon moun ap siyen nan yon lòt kapasite (ekskli yon moun avèk yon pwokirasyon oswa yon repezantan siksesyon), make “lòt” epi jwenn yon kopi otorite legal pou aji. Moun kap siyen an dwe mete dat ak siyati epi bay yon nimewo telefòn oswa enfòmasyon kontak.